gazetavpered@list.ru

*Ассаламу гIалайкум!*

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№36 (6865) * 7 СЕНТЯБРЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 26 РАБИГIУЛ АВАЛ 1448 с. *

## Гьекъолеб лъел ва тIабигIияб газил хIакъалъулъ

**Хъвартихьуниб – Курмиб – Хьаргаби – КIикIуниб лъел рогIрал лъолеб гIуцIиялъул участкаялъул нухмалъулев ГIалалудин КъурахIмаевас гьал къоязда баян кьуна тIабигIияб балагь бачIун Гъазигъумекдерил Койсуялда тIасан букIараб тIабигIияб газил рогIрал хисизе ккеялда хурхун.**



Газил рогIрал Чувашиялда заказ гьарун ва гьел регъолеб станокалда цадахъ заманаги бан рачIун ГIалибулатов ХIажимурадил ферма бугеб бакIалде аскIоре щвезе гьарун руго. ГъутIби, басриял рогIрал къотIун гьел цIиял рачине бакI хIадур гьабун буго нижер хIалтIухъабаз. Аслияб суал буго гIорол тIинда бакI кинаб бугебали лъаларолъи. Кинаб гьеб батаниги кканани кIиго сменаялъ хIалтIунги дунял квачазегIан Хьаргаби, Курмиб, МагIлиб росабалъе бугеб тIабигIияб газалъул рогIрал гIагараб заманалда хIалтIизе руго.

Гьекъолеб лъим бачиналъе жакъа къоялде гьарун руго проекталда рекъон 80 проценталъ хIалтIаби. Хьаргаби росуъ хутIун буго 500 метрадул манзилалда рогIрал рачине ва кIиго бакIалда лъел резервуарал рухъун, жанибе бетонги тIун къачIазе. КIикIуниб росулъе буго Хьаргабисан кIиго рогIразул мухъ бачун, гьенибги гьабизе буго кIиго резервуар, хIалтIаби гьаризе бала кIиго анкь.



Курмиб росулъ хутIун буго I00 метралъул манзилалда рогIрал лъезе гьединго кIиго резервуарги гьабизе. I5 сентабралде рехсолел хIалтIаби лъугIизе ккола. Хъвартихьуниб росулъе рачун руго I,5 км. манзилалда рогIрал, хутIун руго гьедигIанго рачинеги.

Бищунго захIмат букIана асфальталда гъоркьан лъел рогIрал лъезе. Гьел киса – кирего лъун руго I60 – I80 см гъварилъуда. ТIоцере гьел хIалтIаби гьаризе чи рачун рукIана республика бахун къватIиса, гьезда гьел хIалтIаби гьаризе бажаричIо, гьанже гьел хисун хIалтIулел руго нилъерголал.



ГьабсагIаталда цебе чIараб масъала буго Гъазигъумекдерил Койсуялда гъоркьан 5 – 6 метралъул гъварилъуда бачIараб борлъарулеб станокги буго лъел ва газил рогIрал лъезе. Иншааллагь, гьел хIалтIабиги заманаялъ тIуразе гьаризе руго.

Нижер гIуцIиялъ кумек гьабула росабазул администрациябазе, диниял церехъабазе нухазул, лъел рогIрал рачиналъул ва канализациялъул рогIрал лъеялъул хIалтIаби гьаризе. Дие цIакъ бокьилаан росабалъ батIи – батIиял харбал риччачIого дихъе рачIанани ругел масъалабиги росун. Дандбани гьаризе кIоларел хIалтIаби рукIунаро.




## 8 сентябрь – Россиялъул халкъазул мацIазул къо

**Щибаб соналъ нилъер улкаялда кIодо гьарула культурияб ирс цIуниялде ва миллатазда гьоркьосеб цолъи щула гьабиялде руссарал кIвар бугел тадбирал. Гьединал кIвар бугел байрамазул цояблъун ккола Россиялъул халкъазул мацIазул къо. Гьелъ бихьизабула нилъер улкаялда ругел гIадатазул бечелъи ва гьезул хаслъи.**

Байрам тIобитIизе къо чIезе гьабун буго Россиялъул Президентасул хIукмуялдалъун 8 сентябрь. Президент Владимир Путиница цебе лъуна 2025 соналда Россиялъул халкъазул мацIазул къо гIуцIизе, гьеб байрамалъул аслияб пикру ккола щибаб диалекталъул статус щула гьаби, гьеб лъазабизе ахIи, миллаталъул маданияталъул ирсалда гьелъул бугеб бакI бихьизаби.

Россиялъул халкъазул рахьдал мацIазул къолъун 8 сентябрь тIаса бищана Дагъистаналъул халкъияв шагIир Расул ХIамзатовасул хIурмат гьабун, 8 сентябрь гьев гьавураб къо. Авар ва гIурус мацIазда гьесул асаразда бихьулеб букIуна байрамалъул рухIалда камилго гьабулеб культурияб диалог ва мацIазда гьоркьосеб бухьен.

Байрам гIолохъанаб бугелъул, гьелъул гIадатал гьанжего-гьанже лъугьине байбихьулел руго. Гьеб къоялъ тIоритIула батIи-батIиял тадбирал: концертал, выставкаби, мастер-классал, халкъиял махщелчагIазул фестивалал. Школазда, вузазда ва библиотекабазда гIуцIула халкъазул мацIазда ва гIадатазда дарсал, викторинаби, къецал. Шагьаразда ва росабалъ тIоритIула ярмаркаби ва рахьдал мацI лъалезулгун дандчIваял.

Гьединал тадбираз кумек гьабула нилъерго маданият, гIадатал, мацIал цIунизе. Гьезул кумекалдалъун нилъер улкаялда гIумру гьабулезда цIикIкIун лъала батIи-батIиял халкъазул гIадатал.



*РАЙОНАЛЪУЛ ШКОЛАЗДА «ТIОЦЕБЕСЕБ ЦIУМУР»*

# ЦIияб цIалул соналде цIумур кьабуна



*ЦIадаса ХIамзат*

## ЦIалдохъан

**Воре цIале, цIале, цIале, дир цIодор,
ЦIияб ВатIан тIегьазабе, берзул нур,
БецIлъиялда данде рагъ бай, багьадур,
РакIги мацIги бацIцIад цIуне,
цIалдохъан.**

**Эбел-инсул хIурмат гьабе, дир лачен,
Учительгун рекъон хIалтIе, дир хIерен,
ТIахьаздехун хурхен гьабе, дир гьитIин.
Гьунар тIокIав вокьулин дий
цIалдохъан,**

**ЦIикIкIарасул адаб цIуне, дадал тIинчI.
Дандиявгун недегь вукIа, рекIел хIинчI,
РакIалдасан лъазе гьабе гьаб дир кечI,
Культурияб нух гIуцIулев
цIалдохъан.**

**ТIолабго Россиялдаго гIадин, Хьаргаби районалъул лъай кьеялъул гIуцIияздаги, 1 сентябрь – Лъай кьеялъул къо кIодо гьабун тадбирал тIоритIана.**

Щибаб школалда, риидалил каникулазда хIухьбахъарал цIалдохъаби, умумул ва мугIалимзаби цIияб къуватгун, ЦIияб цIалул соналде байбихьи лъазабулеб рохалилаб данделъиялде берцин къачIарал азбаразде ракIарана. Гьаб цIалул соналда партабазда нахъа гIодор чIезе руго 2322-ялдаса цIалдохъан. Гьезда гьоркьоса 230 цIалдохъан тIоцересел рачунел руго школазде.

Бищунго цIакъ байрамалъ рекIее асар гьабулеллъун ккола I-себ ва II-леб классазул цIалдохъаби ва умумул. Цоязе гьеб ккола жеги бихьичIеб, лъалареб гIумруялде гали тIамулеблъун, цойгиязе абуни, гьеб буго лъимерлъиялъул гIорхъи бахиналъе байбихьи лъолеблъун.

Школазда тIоритIулел тадбиразда гIахьаллъана районалъул администрациялдаса хас гьарун рихьизарурал вакилзаби. Районалъул бетIерасул ва жидерго рахъалдасан киназго гьез баркана цIалул соналде байбихьи ва гьарана цIалдохъабазе цIализе къуват ва бергьенлъаби, мугIалимзабазе пагьму-гьунар цIикIкIарал цIалдохъаби, хIалтIулъ бергьенлъаби ва умумузулъгун гъункараб бухьен.



Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалде гьоболлъухъ вачIана живго районалъул бетIер М. ТIагьиров. Гьесда цадахъ рачIана райсобраниялъул председатель Ш. ШагIбандибиров, районазда гьоркьосеб Гъуниб прокуратураялъул прокуророасул заместитель ГI.ГIалиев ва районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев С. ГIусманов. Кидаго гьединал тадбиразда гIахьаллъи гьабула диналъул церехъабазги. Гьедин Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалде гьоболлъухъ рачIана районалъул имам Т. ГIабдулаев ва росдал дибир ГI. ГIумархIажиев. Гьоболлъухъ жеги ахIун йикIана, Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалъул выпускникасул, жакъа къоялде Украиналда СВОялда рагъулаб хъулухъ тIубалев вугев С. Сайпудиновасул эбел Р. МухIамадова.

Президиумалде нахъе гьалбалги, школалъул администрацияги къабул гьарун хадур, линейкаялде ахIана исана тIоцере школалде рачунел ругел гьитIичал.

РекIее асар гьабулеблъун букIана, киналго лъимал эбелазул квералги ккун цо – цо ккун горсвериялде рачIунеб лахIзат. Щибай эбелалъ жиндирго лъимер тIоцеесей мугIалималъухъе хазина гIадин кьуна.

ГIадатлъун ккараб, Гимналда гьоркь Россиялъул байрахъ борхизе ва цадахъго горсвериялде Россиялъул ва Дагъистаналъул байрахъал росизе изну кьуна цIализе лъикIал II-леб классалъул цIалдохъабазе.

Байрамалъулаб рохалилаб ахIвал – хIал цIикIкIинабизе цере рахъана школалъул цIалдохъаби - школа искусствоялъул кьурдухъаби. Россиялъул халкъал цолъиялъул сон кIодо гьабиялъул хIурматалда, гьез бихьизабуна республикаялъул даражаялда бергьенлъи босараб гIемермилатазул кьурдухъабазул кьурди.

Киналго рачIараздехун баркиялъул рагIаби абун кIалъазе вахъана Хьаргаби районалъул бетIер М. ТIагьиров. ЦIалдохъабаздехун, гьес насихIат гьабун абуна лъикIаб цIалиялдалъун эбел-эмен рохизаризе яхI бахъеян. ГIумруялъе къваригIунеб лъай кьолел мугIалимзабаздехун хIурмат ккеян. Гьез цIалдохъабазулъ лъолеб тарбиягун лъай борхатго ккун цебе босеян.

ГIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъулъ хасаб бутIа лъола рухIияб управлениялъ. КIалъазе рагIи кьурав районалъул имам Т.ГIабдулаевас, тIадчIей гьабуна исламалда, ай абуни Аллагьасул калам- Къуръаналдаги абулеб букIиналда лъай тIалаб гьабизе яхI бахъизе ккеялъул ва лъаялъул бугеб кIваралъул. Исламалда кIвар кьола мугIалимасул гьабизе кколеб адаб-хIурматалде.

⇨





# РАЙОНАЛЪУЛ ШКОЛАЗДА «ТIОЦЕБЕСЕБ ЦIУМУР»

Хадубги гьес абуна, жакъа школазда лъай борхизе киналниги ресал чIезарун рукIиналъул, гьелдаго цадахъ мугIалимасул къадру – къимат букIине кколеб даражаялде борхизабулеб гьечIолъиялъул.

ГI. ГIумархIажиевас, кIвар буссинабуна школалъул азбаралда рарал, гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун ругел тарихиял бахIарчилъиялъул ва спорталъул церетIеязул бицунел суратазул стендазде. Берда цебе бугеб мисал рекIелъе босичIого хутIуларолъиялде гIун бачIунеб гIелалъ.

ТIоцере школалде рачунел гIисичазе бищунго интерес букIунеблъун ккола байрамалъул сайгъатал цоцае хисулеб бутIа. Выпускалъул классалъул цIалдохъабаз цереккунго хIадурун рукIана гьезие школалъул цIалиялъе хIажатал алатал. ТIоцересел классазде рачунел цIалдохъабазги гьезие данде роза тIугьдул кьуна.

С.Сайпудиновасул рагъулаб нухалъул ва щварал шапакъатазул бицунаго, цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабизе цее яхъинаюна гьесул эбел Раисат МухIамадова. Эбелалъул пашманаб ракI цо лахIзаталъниги боххизабизе, гьелъул хIурмат гьабун тIугьдузул квацIи сайгъат гьабуна цIалдохъабаз гьелъие. Хадубги, байрам кучIдуздалъун, кьурдабаздалъун берцин гьабуна. Цинги, рукIинесел выпускниказ тIоцересел классалъул лъималазухъе роржине риччана тIад берцинал гьариялги хъварал кагътил гьарурал «БукIинеселъул самолетал». Ахирияб цIумур кьабулеб байрамалде школа лъугIун унезе насихIаталги тIад хъван тIадруссинаризе къотIигун.

ТIаде щвараб цIияб цIалул сон баракатаб, цIалулъ церетIеял гIемераб, шапакъатал цIикIкIараб букIаги. Пагьму-гьунар цIикIкIарал цIалдохъаби гIемерлъаги, хIалтIудаса ракI разиго мугIалимзаби хутIаги.

*Нуцалай Килалъа*

## ТIОЦЕБЕСЕБ СЕНТЯБРЬ

Гьале тIаде щвана школалъул заман,
Лъималазул байрам, улбузул рохел,
ГIумруялъул тIугьдул,
нилъер гьитIичал,
ТIехьгун лъай-хъваялъе рахъунел къоял.

РетIун руго гьезда цого кьералъул,
Цо къагIидаялда школалъул форма,
Кодор тIугьдул руго тIогьилал, хъахIал,
ХъахIилал, багIарал, берцин сокIкIарал.

Кьер гьабун рачIуна маккалгIадинан,
Ма ша Аллагь, гьезул гьуинаб асар,
ТIоцебесеб класс, учительница,
РакIалда букIина, тIулалълъ бикIила.

Анищ буго гьезул хъвазе, цIализе,
ЦIодораб гIакълугун гIелму босизе,
ГIаданлъигун ияхI рекIелъ цIунараб,
ЦIияб гIумруялде гали бегьизе.

Учительзабазул амру тIубазе,
Цоцалъ гьункун рекъел щула гьабизе,
Щуйил-къиматалда цIали бачине,
ЦIияй мугIалимгун рекъон хьвадизе.

ГIумруялъул нуцIа рагьулел нужей,
Гьарула ритIухълъи дуниялалда,
РекIкI гьечIеб гIумруги,
гIакълу – лъайиги
Лъидасаго бергьун щвайги нужее.









# ДандчIвай гьабуна

**Гьал къоязда районалъул «Хьаргаби» кьурдул ансамблялда хIурматияб кьагIидаялда дандчIвай гьабуна районалъул администрациялъул бетIер М. ТIагьировас.**



Гьелъие гIилла букIана Москва шагьаралда тIобитIараб 15 – абилеб славяназул искусствоялъул регионазда гьоркьосеб «Русское поле» фестивалалда нилъер ансамблялъ Гран – при боси. Гьелъул хIакъалъулъ «Церехун» газеталъул араб номералда хъванги букIана. Гьеб дандчIваялда гIахьаллъи гьабуна районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулев М. Арбулиевас ва районалъул херазул Советалъул нухмалъулев А. Шариповас.

ДандчIваялда районалъул бетIер М. ТIагьировас ракI – ракIалъулаб баркала загьир гьабуна махщел бугеб ансамблялъе, хасго гьелъул нухмалъулев ГI. МухIамадовичасе. Гьес жиндирго рахъалдасан загьир гьабуна культура гьечIони миллат букIунареблъи ва бергьенлъабазда коллективалъ гIей гьабизе гьечIолъи.

Гьединго дандчIваялда рорхана районалъул росабалъ культураялъул рукъзал рагьиялъе кумек – квербакъи гьабиялъул. ДандчIвай лъугIизе гьабуна хIалтIухъабазе баркалаялъул кагътал кьеялдалъун.







СЛУЖБА ПО КОНТРАКТУ

До 31 августа включительно в Республике Дагестан предусмотрена дополнительная выплата для граждан, заключающих контракт с полком резерва на 1 год и более – военнослужащему выплачивается единовременные денежные выплаты в размере до 4 500 000 руб.:

**400 000 руб. – федеральная выплата;**
**500 000 руб. – региональная выплата;**
**3 000 000 руб. – региональная выплата (подразделения резерва);**
**от 100 000 до 600 000 руб. – выплаты от городов и муниципальных образований;**

Зарплата военнослужащих начинается от 210 тысяч рублей в месяц.

**от 6 500 000** — итого за год, с учетом единовременных выплат и заработной платы.

**Заработная плата – от 210 тысяч рублей в месяц.**

До 300 тысяч рублей увеличена единовременная выплата добровольцам отряда «Каспий».

**Дополнительную информацию можно получить в пункте отбора по Дагестану:** 8 (989) 484-69-95.


СПОРТ

# Кавказалъул кубок

**Гьаб соналъул 29 августалда Грозный шагьаралда тIобитIана «Кубок Кавказа по Бразильскому Джиу-Джитсу» цIаралда турнир.**



Спортивияб кIалгIа бугоан кIудияб, залалда жаниб къецазе лъурал 6 ковералдасан бихьулеб букIана къецал жавабиял рукIине рукIин.

Турниралда гIахьаллъана чанго регионаздаса спортсменал. Турниралда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалдаса Gergebil_grappling_club командаялдаса спортсменаз. Жидержидер цIаязда чанго нухалъ цере рахъун бергьенлъаби росун турниралда чемпионаллъун рахъана: **Шейхов АхIмад** 55 кг цIайиялда ва **МухIамадрасулов МухIаммад** 33кг цIайиялда.

Баркула тренерасда, спортсменазда тIадегIанал хIасилал щвей. Къуват кьеги гьезие жеги чIахIи-чIахIиял къецаздаги бергьенлъаби росизе.




Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в типографии ООО «Лотос», пр-т Насрутдинова, 61.
Претензии к качеству печати принимает типография.
Заказ № ________. Тираж 700 экз.


**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».*** **Ж. Сервантес**


Подписано в печать 3 сентября 2026 г. в 22:00.
По графику — 22:00.
**Индекс 51350. Цена свободная.**